



Kominike pou laprès  
Ki pou parèt san pèdi tan

## GRAHN-MONDE ap anonse ouvèti ofisyèl ISTEAH, l’Institut des sciences, des technologies et des études avancées d’Haïti Enstiti Syans, teknoloji ak etid avanse Ayiti

**Pòtoprens –jou 26 jen 2013 la** – Se devan yon asistans apeprè yon santèn moun, ki sòti nan kominote inivèsité ayisyen an, GRAHN anonse ouvèti yon enstitisyon fòmasyon ki pote non **Institut des sciences, des technologies et des études avancées d’Haïti (ISTEAH)**. ISTEAH se yon enstitisyon inivèsité ki la pou ekselans epi ki pa dèyè fè pwofi. Se nan domèn lasyans edikasyon ISTEAH pral ouvri premye pwogram fòmasyon li. Li pral derape avèk 7 disiplin ki chita sou yon twon komen ki ap obligatwa pou tout moun. Apati mwa septanm 2013 la, pwogram sa a yo pral ka resevwa 50 etidyan pou nivo Diplòm etid siperyè espesyalize (DESS), Metriz ak Doktora. Demann admision yo ouvè depi jodi a epi yo pral kontinye rive jouk nan dat 15 dawout 2013. Pou yon moun peye frè admision an, ki koute 500 goud, li ka fè sa apati mwayen elektwonik sou sit Web ISTEAH ([www.isteah.edu.ht](http://www.isteah.edu.ht)), oswa, li ka voye pèman an pa lapòs nan adrès yo bay sou sit la. Se sèl dosye konplè kandida yo, apre yo fin peye frè admision, nou ap konsidere.

Etan GRAHN ap ouvè enstiti a, li ap tou pwofite anonse kreyasyon Fondasyon ISTEAH a, yon fondasyon ki gen misyon pou li apiye jefò ISTEAH nan fòmasyon fòmatè inivèsité yo nan disiplin syantifik ak teknolojik yo chwazi yo. Akote pote kole nan fonksyonman ISTEAH ak kenbe nivo ekselans lan nan aktivite ansèyman ak nan rechèch, lòt objektif fondasyon an se sipòte etidyan yo finansyèman nan fè yo jwenn bous ekselans ki chita sou merit. Lè nou konsidere misyon ISTEAH a nan travay ranfòsman kapasite inivèsite ayisyen yo ak avantaj tout peyi a ka jwenn, nou ka wè li enpòtan pou fondasyon sa a djanm. Se pou sa ISTEAH ap ankouraje tout pwofesyonèl, tout antreprenè, gwo antrepriz yo, sitwayen fanm ak gason, pou yo pote konkou finansye yo bay Fondasyon ISTEAH (<http://www.isteah.edu.ht/index.php/isteah-en-bref/fondation>) pou li ka ede nan remete sistèm edikatif ayisyen an sou pye, nan fòme syantifik peyi a bezwen pou ranfòsman kilti syantifik ak potansyèl teknolojik peyi a, dekwa pou kapasite peyi a nan fè konpetisyon epi pou kwasans ekonomi nasyonal la ka ogmante.

Mete sou sa, GRAHN ap pwofite jounen an pou li anonse kreyasyon **Akademi Ayisyen pou Lasyans**, ki pote non l’**Académie Haïtienne des Sciences (AHS)**. AHS la ap yon enstitisyon ki pa la pou li fè pwofi, li la pou li fè pwomosyon lasyans ak teknoloji nan peyi a. Avèk gwoup gwo syantifik ayisyen ki dèyè li yo, akademi an ap genyen pou li anime refleksyon an pèmanans sou rechèch, sou fòmasyon pou rechèch, sou ansèyman lasyans, sòti nan nivo fondamantal rive nan nivo inivèsite. Akademi an ap genyen pou li ankouraje lavi syantifik nan travay pou refleksyon syantifik antre nan nannan deba yo, epi pou li oryante deba sa yo nan direksyon kote yo ka sèvi ak syans yo pou leve gwo defi ki devan

sosyete ayisyen an. Li ap genyen pou li fè travay ki ap fèt nan domèn lasyans anndan peyi a parèt kòmsadwa nan nivo entènasyonal, nan favorize kolaborasyon, nan reprezante peyi a nan rezo entènasyonal akademi yo ak lòt enstitisyon syantifik entènasyonal yo.

### **Konsènan GRAHN.**

GRAHN se yon òganizasyon mondal, ki nan vijilans sitwayen, epi ki vle pote kontribisyon li nan entèvansyon byen kalkile ki pou rezoud pwoblèm peyi a. GRAHN wè tèt li tankou yon mouvman sitwayen, ki pa ni nan paspouki ni nan patizànri, li wè tèt li nan direksyon bati yon lòt Ayiti, ki chita sou lalwa, sou pataj, sou solidarite, sou edikasyon, sou respè anviwònman ak devouman pou byen komen.

**-30-**

Pour toutes informations supplémentaires :

Pou kèlkeswa enfòmasyon an plis nou ta bezwen :

Rodrigue Baugé, Vice-président communications de GRAHN-Monde, [rodrigue.bauge@grahn-monde.org](mailto:rodrigue.bauge@grahn-monde.org)

<http://www.grahn-monde.org>